

Vaksen COVID-19 pou Timoun ak Jèn yo

Kesyon Moun Poze Souvan Konsènan timoun ki gen 5 rive 11 lane ak Vaksen COVID-19 la

Vaksen COVID-19 la ak Timoun ki gen laj 5 rive 11 lane yo

Èske timoun yo ka pran maladi COVID-19 la *tout bon*?

Wi. **Moun tout laj, ansanm ak timoun yo**, kapab pran viris ki lakòz maladi COVID-19 la, epi pwopaje l bay lòt moun tou.

Ki risk ki genyen si pitit mwen an pa vaksinen?

Moun ki pa pran vaksen yo gen pi gwo risk pou yo enfekte epi fè maladi ki grav poutèt COVID-19 la, yo kapab entène lopital epi menm mouri tou. Se yon reyalite pou moun tout laj, ansanm ak timoun yo tou.

Timoun yo gen risk tou pou yo gen yon kondisyon enflamasyon danjere ki rele MIS-C **ki kapab parèt plizyè semèn aprè enfeksyon COVID-19 la.**

Vaksin timoun yo pral ede nan pwoteje yo pou yo pa pran maladi COVID-19 la epi redui risk pou yo pran maladi ki grav yo, entène lopital, oswa devlope komplikasyon alontèm ki gen pou wè ak COVID-19 la. Se pou sa Ministè Sante Eta New York la egzije tout abitan New York ki kalifye yo, ansanm ak timoun ki gen laj 5 rive 11 lane yo al pran vaksen an tousuit pou yo kapab pwoteje kont viris la, pou yo rete an sante epi an sekirite.

Kisa COVID long lan ye, epi èske pitit mwen an gen risk pou pran li?

Timoun ki te pran maladi COVID-19 yo kapab gen risk pou pran COVID long lan. Sentòm ki gen pou wè ak COVID long lan kapab varye anpil, sòti nan sentòm kadyovaskilè tankou palpitasyon kè rive nan difikilte pou respire ak gwo fatig epi ki kapab genyen ladna li difikilte pou konsantre oswa lòt sentòm sikolojik. Sentòm COVID long lan kapab parèt menm si premye maladi COVID la pa t twò grav epi li kapab dire pandan plizyè mwa oswa menm yon ane. Syantifik yo toujou ap travay nan objektif pou konprann maladi COVID long lan.

Sekirite ak Efikasite

Ki vaksen ki disponib kounyea pou timoun ki gen laj 5 rive 11 lane yo?

Aktyèlman, se sèlman vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la ki disponib pou timoun ki gen laj 5 rive 17 lane yo.

Èske vaksen COVID-19 la san danje pou timoun yo?

Wi. Te gen - epi ap toujou genyen - bon jan sipèvizyon sekirite ki fèt sou vaksen COVID-19 yo nan listwa peyi Etazini. Aktyèlman, FDA an te detèmine vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la

te respekte estanda pou efikasite ak sekirite ki nesesè pou otorizasyon itilizasyon ijans pou timoun ki gen plis pase 5 lane yo. Li rekòmande pou paran ak responsab legal yo pale ak pedyat oswa pwofesyonèl swen sante pitit yo an si yo gen kesyon. Gen enfòmasyon adisyonèl ki disponib sou www.cdc.gov.

Èske vaksen an efikas pou timoun yo?

Wi, vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la ki otorize pou timoun ki gen 5 rive 11 lane yo san danje, efikas, epi reprezante pi bon fason pou w pwoteje pitit ou an kont viris la. Etid esè an montre vaksen an efikas lakay timoun 5 rive 11 lane menm jan li efikas lakay timoun ki gen plis pase 12 lane yo. Vaksen an efikas tou kont varyan Delta an.

Ki vaksen COVID-19 pitit mwen an kapab pran?

Aktyèlman, vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la se sèl vaksen COVID-19 ki disponib pou timoun sòti nan laj 5 rive 17 lane yo nan peyi Etazini. Kapab gen lòt vaksen COVID-19 ki vin disponib pou timoun yo pi devan.

Ki efè segondè vaksen an kapab genyen sou pitit mwen an aprè li fin vaksinen?

Pitit ou an kapab pa remake okenn chanjman nan kijan li santi l aprè li fin pran vaksen an. Men li posib pou l santi l yon ti kras "anba limit nòmal la". Sa kapab rive ak *nenpòt* vaksen. Li enpòtan tou pou konnen timounn ki gen laj 5 rive 11 lane yo resevwa yon dòz vaksen COVID-19 ki pi pitit pase sa jèn yo ak granmoun ki gen plis pase 12 lane yo pran .

Aprè l fin pran vaksen COVID-19 la, pitit ou an kapab genyen:

- Bra l ki ap fè l mal nan kote yo te pike l la
- Tèt fè mal
- Frison
- Lafyè
- Fatig
- Kè plen ak vomisman

Efè segondè sa yo pa reprezante yon danje epi yo se yon siy ki demontre sistèm iminitè pitit ou an ap fè travay li. Li rekòmande pou paran ak responsab legal yo pale ak pedyat oswa pwofesyonèl swen sante pitit yo an si yo gen kesyon.

Èske vaksen an ap bay pitit mwen maladi COVID la?

Non. Okenn nan vaksen COVID-19 yo - tankou vaksen mRNA Pfizer BioNTech la ki otorize pou timoun ki gen 5 rive 11 lane yo - pa kapab bay yon moun maladi COVID-19 la.

Okenn nan vaksen yo pa gen sibstans ki kapab bay moun maladi ladan yo. Pa egzanp, premye vaksen FDA otorize pou itilizasyon ijans an itilize yon ti pati, ki san danje nan materyèl jenetik viris la ki rele "mRNA". Sa se pa viris la. Vaksen mRNA yo *aprann* kò ou oswa kò pitit ou an

kijan li kapab kreye yon pwoteyin viris. Sistèm iminitè pa w oswa pa pitit ou an devlope antikò kont pwoteyin sa yo nan objektif pou batay kont viris ki bay maladi COVID-19 la si ou menm oswa pitit ou an ta vin ekspoze ak li. Sa rele yon reyaksyon iminitè.

Èske pitit mwen an ap resevwa menm dòz vaksen COVID-19 mwen te resevwa an?

Timoun ki gen 5 rive 11 lane yo resevwa yon dòz ki pi piti pase sa granmoun ak jèn ki gen plis pase 12 lane yo pran an. Syantifik ki devlope vaksen yo ak ekspè sante medikal yo ki apwouve vaksen yo te dekouvri ti dòz ki pi piti nan vaksen Pfizer-BioNTech la efikas lakay timoun ki gen 5 rive 11 lane yo.

Si pitit mwen gen 11 lane, èske mwen dwe rete tann li gen 12 lane pou li kapab resevwa yon pi gwo dòz vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech?

Non, paran yo ak responsab legal yo dwe fè pitit yo ki gen 5 rive 11 lane pran vaksen an tousuit nan dozaj ki apwopriye an, ki baze sou laj yo ak moman yo bay chak dòz vaksen yo. Pi bon ekspè medikal ak sante nou genyen pou nasyon an yo te travay pou fè si dòz vaksen pou timoun 5 rive 11 lane yo san danje epi efikas - sa ki ofri timoun yo yon bon pwoteksyon kont maladi COVID-19 la epi ki kreye yon reyaksyon iminitè ki djanm.

Si pwa pitit mwen an prèske menm ak pwa yon timoun 12 lane, èske sa ap kalifye li pou li pran pi gwo dòz la nan vaksen COVID-19 la? Oswa, si jèn adolesan mwen an peze mwens pase limit pwa li ta dwe genyen an, èske li ta dwe pran dòz ki pi piti an?

Non. An reyalyte pwa pa reprezante yon faktè nan detèmine pi bon dozaj pou pitit ou an. Nna yon lòt bò, kantite dozaj la baze sou laj paske laj se sa ki reprezante matirite sistèm iminitè pitit ou an. Se poutèt sa timoun ki gen 5 rive 11 lane yo dwe pran vaksen an tousuit nan dozaj ki apwopriye an, ki baze sou laj yo ak moman yo bay chak dòz vaksen yo.

Si pitit mwen an vin gen 12 lane nan mitan premye ak dezyèm dòz li an, ki sa li dwe pran nan dezyèm dòz li an?

Timoun kalifye ki gen 5 rive 11 lane yo dwe pran vaksen an tousuit nan dozaj ki apwopriye baze sou laj yo ak moman yo bay chak dòz vaksen yo. Sa vle di si gen yon timoun ki gen 11 lane epi ki ap vin gen 12 lane nan mitan premye ak dezyèm dòz li yo, timoun sa ta dwe resevwa yon kantite dozaj pou yon timoun 12 lane nan moman dezyèm dòz li an.

Poukisa se sèlman vaksen Pfizer-BioNTech la ki disponib pou timoun ki gen laj 5 rive 11 lane yo?

Lè yon vaksen oswa medikaman jwenn otorizasyon pou itilizasyon ijans atravè FDA, li dwe respektè estanda sekirite ak efikasite ki estrik. Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech an te jwenn premye otorizasyon itilizasyon ijans li nan dat 11 Desanm 2020, pou itilizasyon sou moun ki gen plis pase 16 lane yo. Nan dat 20 Me 2021, otorizasyon itilizasyon ijans sa (Emergency Use Authorization, EUA) te pwolonje pou l ajoute moun ki gen 12 rive 15 lane yo. Nan dat 29 Oktòb 2021, FDA an te otorize vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la pou yo bay timoun ki gen laj 5

rive 11 lane. FDA te dekouvri vaksen Pfizer an te respekte kritè legal ki pèmèt FDA modifye EUA li an, pandan li evalye avantaj reyèl ak potansyèl vaksen an genyen lakay timoun ki gen 5 rive 11 lane yo te depase risk reyèl ak potansyèl yo. Pou fè detèminasyon sa yo, FDA te etidye done sekirite ki disponib yo te jwenn atravè yon esè klinik aleyatwa ki te anba yon kontwòl plasebo nan peyi Etazini ki te jwenn patisipasyon 4,695 timoun ki gen laj 5 rive 11 lane.

Lòt vaksen COVID-19 yo kapab vin disponib pou timoun yo yon fwa FDA detèmine yo respekte estanda estrik pou otorizasyon oswa apwobasyon itilizasyon ijans.

Èske vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech ;a gen engredyan ki sòti nan kò zannimo?

Non! Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la pa gen okenn pwodui imen oswa animal, konsèvatè, oswa pwodui chimik epi li pa itilize okenn engredyan ki gen orijin imen oswa animal.

Èske vaksen COVID-19 yo genyen mèki/timewozal ladan yo?

Non! Pa gen okenn konsèvatè tankou mèki/timewozal nan okenn vaksen COVID-19 ki disponib aktyèlman yo, tankou nan vaksen Pfizer BioNTech la ki disponib pou timoun ki gen laj 5 rive 11 lane yo.

Èske pitit mwen an ap bezwen plis pase yon dòz?

Wi. Menm jan pou vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la (ak pa Moderna an) pou granmoun yo ak jèn moun 12 - 17 lane yo (adolesan yo), vaksen Pfizer-BioNTech pou timoun 5 rive 11 lane yo egzijè pou yo pran de (2) dòz. Sepandan, li reprezante yon dozaj ki pi piti pase sa granmoun ak jèn moun yo ki gen plis pase 12 lane yo resevwa an.

Yo ap bay chak dòz yo nan yon entèval 3 semèn nan mitan yo.

Yon fwa pitit ou an pran premye dòz vaksen li an, li enpòtan anpil pou li pran dezyèm dòz li an sof si yon pwofesyonèl swen sante ta di w li pa dwe pran l. Si ou gen preyokipasyon sou pitit ou ki pral vaksinen an, pale alk pedyat oswa pwofesyon swen sante pitit ou an - ansanm ak yon doktè, enfimyè, oswa yon pwofesyonèl medikal nan yon klinik.

Èske pitit mwen an kapab pran vaksen COVID-19 la nan menm moman li ap resevwa lòt vaksen yo?

Daprè sa CDC fè konnen, pa gen okenn rekòmandasyon sou yon entèval ki nesèsè pou pitit ou an resevwa vaksen COVID-19 la ak lòt vaksen yo. Sa vle di pitit ou an kapab pran vaksen COVID-19 la ak lòt vaksen yo - tankou vaksen kont lagrip la - nan menm tan oswa nan nenpòt lè. Sa vle di l kapab pran l ansanm, anvan, oswa aprè lòt vaksen yo.

Pitit mwen an te teste pozitif pou maladi COVID-19 ak/oswa antikò COVID-19. Èske li ap toujou bezwen pran vaksen an?

Wi! CDC rekòmande pou tout moun pran vaksen an menm si yo te deja pran maladi COVID-19 la, paske yo kapab enfekte plis pase yon fwa. Menm si pitit ou an kapab genyen yon tikras iminite aprè li jwenn gerizon pou maladi COVID-19 la, nou pa konnen konbyen tan pwoteksyon sa ap dire. Vaksen an san danje, e li pa p yon pwoblèm pou yon timoun ki te deja enfekte. Timoun ki pran maladi COVID-19 yo gen risk pou yo malad grav, epi kèk nan yo genyen sentòm ki kapab afebli yo ki ap pèsite pandan plizyè mwa.

Èske li pi bon pou pitit mwen an genyen iminite natirèl kont COVID-19 la, pase pou li jwenn li nan yon vaksen?

Timoun ki pran maladi COVID-19 yo gen risk pou yo malad grav, epi kèk nan yo genyen sentòm ki kapab afebli yo ki ap pèsite pandan plizyè mwa. Menm si pitit ou an kapab genyen yon tikras iminite aprè li jwenn gerizon pou maladi COVID-19 la, nou pa konnen konbyen tan pwoteksyon sa ap dire. Pran vaksen kont maladi COVID-19 la pa reprezante yon danje epi li efikas, epi li ap pwoteje pitit ou an kont viris la.

Èske pitit mwen an kapab pran vaksen COVID-19 la se li malad?

Si pitit ou an gen maladi COVID-19 la, li dwe rete tann jiskaske li geri pou li pran vaksen an. Si pitit ou an gen yon maladi ki pa maladi COVID-19 la, ou kapab ale konsilte pedyat oswa pwofesyonèl swen sante prensipal pitit ou an pou jwenn konsèy sou kilè pitit ou an dwe pran vaksen an.

Èske pitit mwen an kapan asiste klas lekòl li pandan li prezante sentòm efè segondè vaksen COVID-19 yo?

Timoun yo kapab asiste klas lekòl yo aprè yo fin pran vaksen COVID-19 la si yo santi yo ase anfòm pou yo asiste klas lekòl yo epi si yo pa gen fyèv oswa lòt sentòm COVID-19. Si pitit ou an ta vin gen sentòm ki pi ba yo, li pa dwe ale lekòl la. Sentòm sa yo pa gen pou wè ak vaksen COVID-19 la, men moun kapab remake yo nan moman maladi COVID-19 la oswa lòt maladi ki se rezilta enfeksyon yon viris..

- Nen koule
- Touse
- Souf Kout (Esoufleman)
- Mal gòj
- Pèdi gou bouch
- Pa kapab pran sant

Efè segondè vaksen COVID-19 sa yo *pa* grav oswa danjere, epi yo pa reprezante yon pwoblèm pou timoun lan ale lekòl vrèman.

Sa k ap rive si pitit mwen an ekspozè ak maladi COVID-19 la nan espas tan ki nan mitan dòz yo?

Si pitit ou an vin ekspozé ak maladi COVID-19 lan alrè li fin resevwa premye dòz vaksen li an men anvan dezyèm dòz li an, li dwe pase tout tan karantèn li an anvan li ale pran dezyèm dòz vaksen COVID-19 li an. Kidonk yo pale pou timoun ki pa t ko resevwa premye dòz yo osinon dezyèm dòz yo nan vaksen COVID-19 la. Yo pale tou pou timoun ki gentan pran yon dòz nan seri de dòz la.

Tanpri fè pwofesyonèl swen sante pitit ou an oswa moun k ap bay vaksen an (egzanp, klinik kote pitit ou an ap resevwa vaksen an) konnen si ou bezwen repwogramme randevou vaksen pitit ou an poutèt moman karantèn lan. Fin pase moman karantèn lan anvan li pran vaksen COVID-19 la ap ede nan pwoteje moun ki tou pre pitit ou yo kont enfeksyon.

Kisa ki anndan vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la?

Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la gen engredyan ki pi ba yo ladan li:

- mRNA: mRNA an pa viris lan. Vaksen mRNA yo (tankou vaksen Pfizer-BioNTech la) montre kò w kijan li dwe kreye pwoteyin. Kò w rekonèt pwoteyin sa yo epi kòmanse aji, pandan li ap kreye antikò ki ap ede ou goumen kont viris la, pwosesis sa rele reyaksyon iminitè. Li repwodui menm reyaksyon iminitè ki rive nan moman yon enfeksyon natirèl san li pa enfekte kò w tout bon vre.
- Lipid: sibstans ki sanble ak grès ki pwoteje mRNA an epi ki gen yon pati ekstèn ki yon ti kras gra ki ede mRNA an glise anndan selil yo. Anndan vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la genyen lipid ki pi ba yo: lipid ((4-hydroxybutyl)azanediyil)bis(hexane-6,1-diyil)bis(2-hexyldecanoate), 2 [(polyethylene glycol)-2000]-N,N-ditetradecylacetamide, 1,2-Distearoyl-sn-glycero-3-phosphocholine, ak kolestewòl), klorid potasyòm, fosfat potasyòm monobazik, klorid sodyòm, dihidrat fosfat sodyòm dibazik, ak sikwoz.
- Sèl: yo ede nan ekilibre nivo asid ki nan kò w. Anndan vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la genyen sèl ki pi ba yo: klorid potasyòm, fosfat potasyòm monobazik, klorid sodyòm, ak dihidrat fosfat sodyòm dibazik.
- Sik: yo ede molekil yo kenbe fòm yo pandan moman konjelasyon an. Anndan vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la genyen sik ki pi ba yo: sikwoz (sik kizin).

Pou w jwenn yon rezime byen senp sou engredyan ki anndan vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la, ale nan [infographic here](#).

Devlòpman Vaksen yo

Kijan yo fè devlope vaksen yo rapid konsa?

Gen anpil faktè ki mete ansanm pou pèmèt yo te devlope vaksen COVID-19 la rapidman epi san danje.

- Chèchè yo te gen yon avans sou dosye devlopman yon vaksen paske viris ki lakòz maladi COVID-19 la sanble ak lòt viris ki deja egziste yo.

- Rechèch ki fèt sou nouvo viris la te pataje tousuit ak syantifik yo toupatou nan mond lan, sa ki te vin pèmèt te gen travay ki te kòmanse fèt pou kreye yon vaksen nan menm moman an,
- Kè chèche te gen kapasite pou te fè esè faz 1 ak faz 2 yo nan menm moman an.
- Etid yo fè sou maladi COVID-19 la te enplike yon kantite moun ki pi plis pase lèt esè vaksen ki fè dènyeman yo, sa ki vle di te gen plis moun ki te enplike nan esè yo nan yon peryòd tan ki te pi kout.
- Gouvènman federal la te otorize pou yo kòmanse ak fabrikasyon vaksen ki te bay plis rezilta nan esè yo pandan etid yo te kontinye ap fèt. Sa vle di nan moman li te jwenn otorizasyon an, yo te kapab ofri li bay popilasyon an prèske nan menm moman an.

Sa pa vle di vaksen COVID-19 la reprezante yon danje. Vaksen kont COVID-19 lan la pa reprezante yon danje epi li efikas epi li ap pwoteje pitit ou an kont viris la.

Kisa vaksen mRNA kont COVID-19 yo, tankou vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech yo otorize pou timoun ki gen 5 rive 11 lane yo, ye?

Vaksen mRNA yo, tankou vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech yo otorize pou timoun ki gen 5 rive 11 lane yo, ede kò w pwoteje tèt li kont enfeksyon potansyèl yo. Kò w vin gen pwoteksyon san li pa nesèman bezwen malad grav ak viris COVID-19 la.

Sou sifas viris ki lakòz maladi COVID-19 la, genyen yon pwoteyin ki rele "spike protein" (oswa pwoteyin pwent). Lè ou pran vaksen an, vaksen mRNA an montre selil ou yo kijan yo kapab kreye yon pati nan pwoteyin sa ki pa reprezante yon danje. Apre sa, kèk nan selil ou yo ap afiche "pwoteyin pwent" lan. mRNA ki nan vaksen an ap degrade rapid vit.

Sistèm iminitè ou an pral vin konnen pwoteyin sa se yon kò etranje. Kidonk li pral kreye antikò pou goumen kont li. Pwosesis sa sanble ak sa ki rive lè ou enfekte natirèlman ak viris ki lakòz maladi COVID-19 la. Nan yon enfeksyon natirèl viris la fòse selil ou yo kreye pwoteyin pwent lan ansanm ak lòt pwoteyin viris yo.

[Learn more about mRNA COVID-19 vaccines by visiting the Centers for Disease Control and Prevention \(CDC\) webpage.](#)

Kisa ki rive anndan kò pitit mwen an lè li pran yon vaksen, tankou vaksen COVID-19 la?

Vaksen yo montre kò w kijan pou li kreye yon pwoteyin. Pwoteyin sa, oswa pati pwoteyin sa, pral deklannche yon reyaksyon iminitè nan kò w. Pwosesis sa souvan pote non "plan" oswa enstriksyon". Kò an itilize enfòmasyon sa pou fè yon reyaksyon ki pral gen objektif pwoteje w kont viris la. Vaksen an li menm pral dekonpoze epi degrade anndan kò an nan menm moman an.

Kijan mwen kapab asire m vaksen COVID-19 la p ap chanje ADN pitit mwen an?

Vaksen COVID-19 yo pa chanje oswa entèyaji ak ADN ou oswa ADN pitit ou an nan okenn fason. Vaksen COVID-19 mRNA (Pfizer-BioNTech and Moderna) yo ansanm ak vaksen vektè viral (Janssen/Johnson & Johnson) yo transmèt enstriksyon bay selil ou yo. Sepandan, enstriksyon yo pa janm antre nan *nwayo* selil la, kote ADN lan kache an.

Yo bay selil nou yo enstriksyon pou yo kòmanse mete pwoteksyon kont viris ki lakòz maladi COVID-19 la. Vaksen an li menm pral dekonpoze epi degrade anndan kò an nan menm moman an.

Alèji ak/oswa Siyalman Evènman Endezirab yo

Kiyès ki pa dwe pran vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la?

Daprè FDA, moun yo pa dwe pran vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech si yo:

- gen yon reyaksyon alèjik ki grav aprè yon premye dòz vaksen sa
- gen yon reyaksyon alèjik ki grav ak nenpòt engredyan ki nan vaksen sa.

Èske li posib pou pitit mwen an gen yon reyaksyon alèjik?

Gen yon ti pwobabilite pou vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech an kapab lakòz yon reyaksyon alèjik. Moun yo kapab gen reyaksyon alèjik ak nenpòt medikaman oswa pwodui byolojik, tankou vaksen. Majorite reyaksyon alèjik yo rive yon ti tan apre moun nan fin pran vaksen an, kidonk se pou sa Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi an (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) rekòmande pou yo obsève moun ki gen antesedan anafilaksi yo (pou nenpòt rezon) pandan 30 minit aprè yo fin ba yo vaksen an, pandan yo dwe obsève tout lòt moun yo sou yon dire tan ki egal ak 15 minit aprè yo fin pran vaksen an. Tout sit vaksinasyon yo dwe ekipe nan objektif pou asire gen trètman medikal apwopriye ki disponib nan ka kote ta genyen yon reyaksyon alèjik ki pa t planifye. CDC rekòmande tout moun ki gen alèji ak "nenpòt eleman" ki anndan vaksen an pou yo pa pran vaksen an.

Ki siy yon reyaksyon alèjik grav prezante fas ak vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la?

Chans pou gen yon reyaksyon alèjik grav la piti anpil. Reyaksyon alèjik grav yo souvan rive nan yon espas kèk minit aprè yon moun fin pran premye dòz vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la. Siy reyaksyon alèjik ki grav yo kapab se;

- Difikilte pou respire
- Figi ak gòj ki anfle
- Batman kè ki rapid
- Tout kò w ki ap grate
- Toudisman ak feblès

Ki risk ki genyen pou pitit mwen an ta vin genyen myokadit ak perikadit poutèt li te pran vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la?

Chans pou genyen youn nan pwoblèm sa yo piti anpil. Yo te siyale ka myokadit yo (enflamasyon mis kè an) ak perikadit (enflamasyon kouch ekstèn kè an) lakay ni granmoun ni jèn ki te pran viris COVID-19 la ak sa ki te resevwa youn nan de vaksen mRNA kont COVID-19 yo. Obsèvasyon sa yo ra, epi avantaj reyèl ak potansyèl vaksen COVID-19 yo pi plis pase risk reyèl ak potansyèl yo, ki yo menm genyen [risk posib pou myokadit ak perikadit](#) ladan yo tou. FDA rekòmande pou w fè founisè vaksen an konnen kondisyon medikal pitit ou an, ansanm ak antesedan myokadit ak perikadit pitit ou an genyen yo. Ou dwe chèche swen medikal nan menm moman an si pitit ou an ta gen sentòm ki pi ba yo aprè li fin resevwa Vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la:

- Doulè nan lestoma
- Souf Kout (Esoufleman)
- Santiman ou genyen batman kè rapid, palpitasyon kè.

Èske gen lòt chwa ki disponib pou fè prevansyon ,aladi COVID-19 la lakay timoun 5 rive 11 lane yo aprè vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la?

Dapre FDA, nan moman an pa gen vaksen altènatif otorize ki disponib pou prevansyon COVID-19 la. Lòt vaksen COVID-19 yo kapab vin disponib pou timoun yo yon fwa FDA detèmine yo respekte estanda estrik pou otorizasyon oswa apwobasyon itilizasyon ijans.

Pitit mwen an gen alèji. Èske li kapab pran vaksen an?

Si pitit ou an gen alèji ak yon engredyan nan vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la, oswa ak yon premye dòz mam vaksen Pfizer-BioNTech, li pa dwe pran vaksen sa. Men lis [engredyan ki gen nan vaksen Pfizer-BioNTech la](#).

Si pitit ou an te gen yon reyaksyon alèjik imedyà ki grav nan nenpòt nivo ak yon lòt vaksen oswa terapi enjektab, li pi bon pou ou fè l pran yon vaksen COVID-19. Sa pa vle di pitit ou an pa kapab pran vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la. Ou dwe pale ak pwofesyonèl swen sante pitit ou an konsènan risk ak avantaj ki genyen nan fè pitit ou an pran vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la.

Moun ki gen lòt alèji ki pa gen pou wè ak yon vaksen yo oswa yon lòt terapi enjektab kapab pran vaksen COVID-19 la. Alèji sa yo se alèji ak manje, bèt domestik, venen, alèji anviwònman yo, oswa alèji ak medikaman moun pran nan bouch yo. Timoun ki gen kategori alèji sa yo kapab pran vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la.

Si ou genyen nenpòt kesyon oswa enkyetid konsènan risk ak avantaj vaksen Pfizer-BioNTech lan pou pitit ou an, ou dwe pale ak pwofesyonèl swen sante pitit ou an.

Ki kote mwen kapab al fè pitit mwen an pran vaksen COVID-19 la?

Paran yo ak responsab legal yo dwe kontakte pedyat oswa pwofesyonèl swen sante pitit ou an pou wè si yo ap distribye vaksen COVID-19 Pfizer-BioNTech la,

Paran ak responsab legal New York yo kapab ale sou [vaccines.gov](https://www.vaccines.gov), ekri yon mesaj nan kòd Postal bay 438829, oswa rele nan 1-800-232-0233 pou jwenn sit vaksinasyon ki tou pre w la. Asire w pwofesyonèl swen sante an ap distribye vaksen Pfizer-BioNTech pou timoun 5 rive 11 lane yo. Si ou chwazi yon sit ki ofri opòtinite randevou san pwogramasyon, nou ankouraje w rele annavans, si sa posib. Nan fason sa ou kapab asire w yo ofri vaksen Pfizer-BioNTech la bay pitit ou an.

Èske vaksen COVID-19 la gratis?

Tout vaksen COVID-19 yo gratis epi disponib pou tout moun san frè. Pa gen okenn frè yon moun ap peye pou enjeksyon oswa distribisyon vaksen an. Sa vle di vaksen COVID-19 pou timoun yo tou. Pwofesyonèl swen sante ki ap bay vaksen COVID-19 yo dwe vaksinen tout moun - kèlkeswa yo genyen oswa pa genyen asirans.

Ki risk ki genyen nan vaksen an pou l bay pwoblèm kè?

Yo te siyale kèk ka myokadit oswa enflamasyon kè an ki ra, aprè moun yo te pran vaksen mRNA kont maladi COVID-19 bay [Sistèm Notifikasyon Sityasyon Endezirab ki gen pou wè ak Vaksen yo \(Vaccine Adverse Event Reporting System, VAERS\)](#). Sa te rive ak vaksen Pfizer-BioNTech la ak vaksen Moderna yo. Yo otorize vaksen Pfizer-BioNTech la pou timoun ki gen plis pase 5 lane yo. Kounyea la yo otorize Moderna pou moun ki gen plis pase 18 lane yo sèlman. Majorite ka myokadit yo te siyale lakay jèn ti gason adolesan yo ak jèn adilt gason yo. Li rive pi souvan aprè dezyèm dòz la - epi li fèt jeneralman nan yon espas plizyè jou aprè moun lan fin pran vaksen an. Majorite pasyan ki gen myokadit oswa perikadit (enflamasyon nan kouch ekstèn alantou kè an) ki resevwa swen yo te reyaji byen pa rapò ak medikaman yo ak repo an. Yo te gri epi yo te santi yo pi byen rapidman.

Nan etid ki enplike timoun ki gen 5 rive 11 lane yo, pa t gen okenn sityasyon pwoblèm kè. Gen yon risk ki pi gwo pou gen pwoblèm kè si yon timoun genyen maladi COVID-19 la, Maladi COVID-19 la li menm kapab lakòz myokadit la ki kapab grav anpil. Epi tou, myokadit la kapab se yon pati nan Sendwòm Enflamatwa Miltisistèm (Multisystem Inflammatory Syndrome in children, MIS-C) lan lakay timoun yo, ki kapab rive anviwon 3 rive 5 semèn aprè yon enfeksyon SARS-CoV-2. MIS-C se yon kondisyon medikal ki ra men ki grav ki asosye ak maladi COVID-19 la. Li rive lakay mwens pase yon pousan nan timoun yo konfime ki te gen enfeksyon SARS-CoV-2 an.

Èske vaksen COVID-19 yo gen enpak sou pibète ak/oswa kapasite pou pitit mwen an gen pitit lè li kapab fè?

Non, pa gen okenn prèv ki demontre vaksen yo, tankou vaksen COVID-19 yo, lakòz efè segondè nan kad kapasite pou fè pitit. Epi tou, vaksen an pa gen okenn efè sou pibète yon timoun nan okenn fason. Pou plis enfòmasyon, ale sou ny.gov/getthevaxfacts.

Resous

Paran yo, responsab legal yo, ak manm kominote yo dwe chèche konnen bon jan sous enfòmasyon ki sòti nan òganizasyon moun gen konfyans epi kwè nan yo konsènan vaksen COVID-19 la ak timoun yo. Eta New York la rekòmande lyen ki pi ba yo pou chèche jwenn plis enfòmasyon, ansanm ak resous ki kapab ede eksplike epi gide konvèsasyon yo ak pitit yo.

Ki kote mwen kapab jwenn enfòmasyon sou Vaksen COVID-19 yo?

Li vrèman enpòtan pou w konnen sous enfòmasyon sou vaksen COVID-19 ou itilize yo se sous enfòmasyon presi ak fyab - pou ou kapab pran yon desizyon enfòmasyon sou sante pa w ak sante pa pitit ou an.

Metete sou sit wèb sa ki disponib pou paran ak responsab legal timoun 5 rive 11 lane nan New York yo, ale nan paj #GetTheVaxFacts New York la pou jwenn enfòmasyon presi paran ak responsab legal New York yo kapab fè konfyans: ny.gov/getthevaxfacts.

Sant Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention) an se youn nan sous fyab sa yo. Gen enfòmasyon sou vaksen COVID-19 yo ki disponib sou [paj entènèt CDC sa](#).

- Men [enfòmasyon sou vaksen COVID-19 yo pou timoun ak adolesan yo](#).
- Paj wèb [CDC's "Frequently Asked Questions about COVID-19 Vaccination \(Kesyon yo poze souvan konsènan Vaksen COVID-19 yo\)"](#) la itil anpil.

Lopital pou Timoun yo nan Philadelphia (The Children's Hospital of Philadelphia, CHOP) an gen yon Sant Edikasyon sou Vaksen. Sou sit entènèt sa [ou kapab jwenn sous enfòmasyon fyab sou maladi COVID-19 la ak vaksen COVID-19 yo](#).

- Sant Edikasyon sou Vaksen nan CHOP an gen yon aplikasyon mobil tou, "[Vaccines on the Go \(Vaksen sou Demand\): What You Should Know \(Sa w Sipoze Konnen\)](#)". » Li ofri enfòmasyon itil sou vaksen yo, tankou vaksen COVID-19 yo.

Akademi Pedyat Ameriken ([American Academy of Pediatrics, AAP](#)) an se youn lòt sous enfòmasyon fyab. Pedyat yo bay enfòmasyon sou [sit entènèt COVID-19 AAP an](#). Yo pale sou plizyè sijè ki gen pou wè ak maladi COVID-19 ak timoun. Pi ba an w ap jwenn kèk nan sijè ki gen pou wè ak vaksen COVID-19 yo:

- "[The Science Behind COVID-19 Vaccines: Parent FAQs](#)"
- "[Getting Your Child Ready for the COVID-19 Vaccine](#)"
- "[State report of pediatric cases, hospitalizations and deaths](#)"
- The "[healthychildren.org](#)" website has a [FAQ webpage](#) about the COVID-19 vaccines. Repons yo sòti nan Akademi Pedyat yo.

Pou resous ak enfòmasyon jeneral:

- KidsHealth's "[Resources to Help Explain COVID-19 to Children](#)"

Pou jwenn videyo ki ap itil nan ede paran yo ak responsab legal yo eksplike vaksen COVID-19 la bay timoun yo:

- University of Michigan's "[All About Coronavirus: A Video for Kids and Their Families](#)"
- Unicef's "[COVID-19 Vaccines Explained in 4 Levels of Difficulty](#)"